2026 18 19 20 ФокIадэ

**Хэхыныгъэхэр**

2-нэ нап.



**Сабиипсэр игъэуфIэрэ лъэпкъыр игъэгушхуэу**

3-нэ нап.



**Къалэм укъиутIыпщыркъым**

3-нэ нап.



**«Дыгъужьыкъуейм» и хьэщIэщыбжэр зэIуех**

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№111 (25.017) • 2026 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 15, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

## Куэд къызэщIаубыдэ



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Къэрал Думэм и депутатхэу Геккиев Заур, Родинэ Викторие, Щхьэгуэш Адэлбий сымэ и гъусэу лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Бахъсэн къалэ округым.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ зи чэзу Iуэху куэдым - псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм, кIэрыхубжьэрыху быдэхэр зэщIэкъуэным, гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным, узыншагъэр хъумэнымкIэ, егъэджэныгъэ, спортымрэ щэнхабзэмрэ я IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам. Апхуэдэу ахэр щыгъуазэ ящIащ округым щызэфIаха лэжьыгъэхэм, мы зэманым зи ужь итхэм.

«Унагъуэ» лъэпкъ проектым зэрыхэтым и фIыгъэкIэ иджыпсту Бахъсэн къалэм и хьэблэщIэм сабии 140-рэ зыщIэхуэну сад щаухуэ. Ар пэгъунэгъущ Гагарин Юрэ и цIэр зезыхьэ курыт школыщIэ №12-м икIи къатитIу зэтету щытынущ, метр зэбгъузэнатIэ 2000 иубыду. Ухуэныгъэхэр дызыхуэкIуэ илъэсым и кIэм зэфIагъэкIыну я мурадщ.

Курыт еджапIэ №5-м и къудамэхэм ящыщ зы къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ. Абы щадолажьэ ныбжьыщIэ 204-м. Нэхъ пасэу зэрагъэпэщыжащ еджапIи 6.

Бахъсэн къалэм ЩэнхабзэмкIэ и уардэунэмрэ Дыгулыбгъуей къуажэм КIуэкIуэ В. М. и цIэр зэрихьэу дэт ЩэнхабзэмкIэ унэмрэ «Унагъуэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ къыщызэрагъэпэщащ сабийхэм папщIэ щэнхабзэ-узэщIакIуэ центрхэр. Дыгулыбгъуей зыхуей щыхуагъэзащ Щэнхабзэм и уардэунэмрэ поликлиникэмрэ.

Бахъсэн яужь щихьащ сабий поликлиникэр къэгъэщIэрэщIэжыным. Унэр 1964 гъэм яухуауэ щытащ икIи жылэдэсхэм я узыншагъэр хъумэнымкIэ къалэным 2009 гъэ лъандэрэ къыхуагъэсэбэп. Проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, абы къыпащIыхьынущ фильтр-бокс, пэшхэр щIэрыщIэу зэпрахулыкIынущ, коммуникацэхэр зэрыщыту щызэрахъуэкIынущ. Ухуэныгъэр 2028 гъэм ятыну яубзыхуащ.

Нэхъ пасэу лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ балигъхэм папщIэ щIыналъэ поликлиникэм, узыфэр къызэрахутэ иджырей Iэмэпсымэ лъэщхэри щIагъэуващ. Абы зы лэжьэгъуэ махуэм цIыху 750-м я узыншагъэм щыкIэлъыплъыфынущ, гъуэлъыпIэ 40 щIэхуэу, цIыхухэм махуэм щеIэзэу къудамэ хэхаи яIэщ.

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщамкIэ, абыхэм къадэкIуэу жылагъуэ зэхуэсыпIэхэми фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэхэми йолэжь, гъуэгухэр зэрагъэпэщыж. Коммунальнэ IэнатIэм и лэжьэкIэр ирагъэфIакIуэ «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым хыхьэу. Мы илъэсым зи ужь итынухэм ящыщщ Победэ, Шэрджэс, Хъураным и цIэр зезыхьэ, Шапсыгъ уэрамхэр къызэщIэзыубыдэ, километри 5,5-м щIигъу зи кIыхьагъ псы кIуапIэр зэгъэпэщыжыныр. Абы ипэ къихуэу Дыгулыбгъуей къуажэм къыщагъэщIэрэщIэжащ коммуникацэ километри 4,2-рэ.

Республикэм и Iэтащхьэми абы щIыгъуа къулыкъущIэхэми Бахъсэн къалэ округым щыпсэухэм я гуныкъуэгъуэхэм щыгъуазэ защIащ икIи зэрызыкъыхуагъэза жэрдэмхэм елэжьыну къагъэгугъащ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## Зэкъуэтыныгъэм и щэхухэр

**Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым траухуэри, КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм Къэщкъэтау щригъэкIуэкIащ «Урысейр ди зэхуэдэ унэщ» щIыналъэзэхуаку форумыр.**

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ районхэм щыщ къулыкъущIэхэр, дин, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, Шэрэдж, Аруан, Прохладнэ, Лэскэн щIыналъэхэм, Прохладнэ къалэ округым щыщ нэхъыжьхэмрэ щIалэгъуалэмрэ.

Форумыр траухуат граждан зэкъуэтыныгъэр, урысейпсо зэхэтыкIэр, лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр, хэкупсагъэр гъэбыдэным, экстремизмэ къэмыгъэхъуным, терроризмэмрэ неонацизмэмрэ я идеологием пэщIэтыным. А Iуэхугъуэхэм хухэхауэ щытащ утыкуитIым щекIуэкIа лэжьыгъэм и купщIэри.

«Къэрал лъэпкъ политикэр жылагъуэм и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и лъабжьэу гъэзэщIэн» секцэм IэщIагъэлIхэм Iуэху еплъыкIэ куэд къыщагъэлъэгъуащ.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым къыхигъэщхьэхукIащ форумыр зэпсэлъэныгъэ зэIуха щекIуэкIыну зэхуэсу зэраубзыхуар. Абы жиIащ иджырей псэукIэ гугъум цIыхубэ зэгурыIуэныгъэр хъумэныр, дэтхэнэ лъэпкъми, абы и щэнхабзэми, бзэми пщIэ яхуэпщIыныр къалэн нэхъыщхьэу къызэригъэувыр. Къэрал лъэпкъ политикэр жыпхъэ пыухыкIам тетщ, къащта дэфтэрхэм щIагъэбыдэ Урысейм ис лъэпкъ псоми я сэбэп зыхэлъхэр зэрахъумэнур. «Пэжым дрителъхьэщ, текIуэныгъэри ди Iэрылъхьэщ», - жиIащ Къуэшырокъуэм, СВО-м щыIэ зауэлIхэм щатепсэлъыхьым.

Зэкъуэтыныгъэм лъабжьэ хуэхъу псэкупсэ лъапIэныгъэхэм къыпищэу, КъБР-м ис Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Мисиров Хъызыр гулъытэ хуищIащ жылагъуэр лъэщ зыщI Iуэхугъуэхэм. Абы цIыхухэр къыхуриджащ къухьэпIэ еплъыкIэхэм зыщахъумэну икIи Урысейм и Президент Путин Владимир зэхэтыкIэ екIуэм и лъабжьэхэр зыхъумэ дунейпсо пашэу къызэрилъытэр жиIащ.

Абы и лъэныкъуэкIэ, Налшык къалэ и чристэн члисэхэм я благочиннэ Бобылев Валентин къэралыр иригъэпщащ цIыхугъэр сыт щыгъуи япэ изыгъэщ унагъуэшхуэм. Абы къыхигъэщащ Урысей Федерацэм и Президентым 2022 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм къыдигъэкIа «Урысей псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэр хъумэнымрэ гъэбыдэнымкIэ къэрал политикэм и лъабжьэр къэщтэным и IуэхукIэ» унафэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи балигъхэр къыхуриджащ гъащIэм и мыхьэнэм сабийхэр нэхъ пасэу щагъэгъуэзэну, гъуэгу пэжыр ирагъэлъагъуну.

АдэкIэ къызэхуэсахэм хъыбарегъащIэ шынагъуэншагъэм и гугъу ящIащ. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, блогер Мэзукъэбз Аслъэн жиIащ социальнэ сетхэм щекIуэкI «хъыбарегъащIэ зауэ» зи фIэщыгъэ мыхъумыщIагъэр зэрыщекIуэкIыр, ар псом япэ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ яхуэгъэзауэ зэрыщытыр. Абы къыхигъэщащ къыдэкIуэтей щIэблэмрэ къэралым и сэбэп зыхэлъхэмрэ яхъумэн папщIэ псори дызэкъуэувэн зэрыхуейр. А гупсысэм къыпищэу къэпсэлъащ «Эльбрусоид» фондым и Налшык къалэ къудамэм и унафэщI Анаев Марат. Абыи игъэбелджылащ лъэпкъ куэду зэхэс Кавказ Ищхъэрэм абыхэм яхуэгъэза политикэм мыхьэнэ хэха зэрыщиIапхъэр. КъухьэпIэ институтхэр ди къэралым щыщыIэ щытыкIэр зэхэкъутэным мурад пыухыкIа яIэу зэрелэжьыр, псалъэ дыгъэл къудей мыхъуу, щIалэгъуалэр гупсысэ пэжым хуэунэтIын зэрыхуейр дыщIигъуащ.

Лъэпкъ щэнхабзэм, хабзэм мыхьэнэшхуэ зэраIэм тепсэлъыхьащ урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщI Литвинов Роман. Абы лъэпкъ мамырыгъэмрэ щхьэж и щэнхабзэм хуищI пщIэмрэ зэпIэзэрытыныгъэм и лъабжьэу къилъытащ.

«Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблее» жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Мэкъуауэ Люазэ къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ лъэпкъ зэхэщIыкIыр бзэм и мызакъуэу, зыхуэпэкIэми, хабзэхэми къызэрагъэлъагъуэр. Абы ирипIейтейуэ игъэбелджылащ ислъам диным зэхъуэкIыныгъэ зэрыхалъхьэр, Iуэхур зэIымыхьэ щIыкIэ щIалэгъуалэм ядэлэжьэн зэрыхуейр.

«Хэкупсагъэмрэ хэкур хъумэнымрэ: хабзэмрэ зэманым къигъэув гугъуехьхэмрэ» Iыхьэм щызэдэлэжьащ властым, ветеран зэгухьэныгъэхэм, дин IуэхущIапIэхэм, щIалэгъуалэ гупхэм я лIыкIуэхэр. Ахэр тепсэлъыхьащ махуэ къэс зызыхъуэж дунейм щIэблэр щыгъэсэным теухуа зыуэ щыт Iэмалхэр къэгупсысын, къэгъэсэбэпын зэрыхуейм.

КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Гергоков Джамбулат къызэхуэсахэм къагурыIуэну щIэлъэIуащ Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр, хэкупсагъэр псалъэ къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр, абы и мыхьэнэр гурэ псэкIэ зэрызыхащIапхъэр. Апхуэдэу ущытын папщIэ тхыдэ щIэиным пщIэ хуэпщIын, граждан Iуэху еплъыкIэ жыджэр уиIэн хуейщ.



КъищынэмыщIауэ, спикерым жиIащ хьэрып хабзэхэр нэуфIыцIщхьэрыуэу къэпщтэным щIыналъэм щызекIуэ хабзэхэр зэрикъутэр. Нобэ дызэрыт щытыкIэм ди лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр тхъумэжын хуейуэ къызэритхуигъэувыр, ижь-ижьыж лъандэрэ къыддекIуэкI лъапIэныгъэхэм щIэблэр зэрыщIэпIыкIыпхъэр дыщIигъуащ Гергоковым.

Шынагъуэншагъэм теухуа псалъэмакъым къыпищэу, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Ахъмэт Артур къыхигъэщащ щIэпхъаджащIэхэм щIалэгъуалэр езыхэм я гупсысэ мыхъумыщIэхэм трашэну зэрыхэтыр, нэхъыбэ къызэщIагъэуIэным зэрыпылъыр, я мурадхэр зэрагъэхъулIэн папщIэ, Iэмал зэмылIэужьыгъуэ куэд къызэрагъэсэбэпыр. А лэжьыгъэр щэхуу, балигъхэм къамыщIэн хуэдэу ирагъэкIуэкI, социальнэ сетхэм къыщыщIадзэри, мессенджерхэм, чат зэхуэщIахэм хохьэ. Псом хуэмыдэу уегъэпIейтей ди щIалэгъуалэм я акъылыр зыгъэутхъуэну хэт Украинэм и спецслужбэхэмрэ димыныбжьэгъу къэралхэм я лIыкIуэхэмрэ я жыджэрагъым. Министрым и къуэдзэм IэмалыфIу къыхилъхьащ зи зэфIэкIымрэ пщIэмкIэ щIалэгъуалэм я щапхъэ, дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэмрэ хэкупсэ зэгухьэныгъэхэмрэ ныбжьыщIэхэм зэпымыуэу ядэгъэлэжьэныр.

НыбжьыщIэхэм граждан гъэсэныгъэ яхэлъхьэнымкIэ езым зэригъэпэща лэжьыгъэм и пIалъэмкIэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ КъБКъУ-м ЩIалэгъуалэр граждан-хэкупсэу гъэсэнымкIэ и центрым и унафэщI, СВО-м и ветеран, КъБР-м и Парламентым и депутат Шевчук Герман. Ар тепсэлъыхьащ университетым и студентхэр иджыблагъэ Беслъэн зэрыщыIам. Гузэвэгъуэ къыщыхъуа а щIыпIэм 2004 гъэ лъандэрэ зэрыкIуэм.

КъБР-м и Прокуратурэм и Ветеранхэм я советым и унафэщI Мэшыкъуэ Хьэчим жиIащ къыдэкIуэтей щIэблэм лъэпкъ лъапIэныгъэхэр зыхащIыкIыу егъэсэным жэуаплыныгъэшхуэ пылъу зэрыбгъэдыхьапхъэр, ар школым къыщегъэжьауэ федеральнэ къулыкъущIапIэхэм щиухыжу я пщэрылъу щытын зэрыхуейр.

«Iэпэдэгъэлэлу Iуэхум бгъэдыхьэ егъэджакIуэм а къалэнхэр купщIафIэу зэфIихыфынукъым, зэрырагъаджэ материалыфIхэр иIэми», - жиIащ Мэшыкъуэм. Абы къыхигъэщащ щэн гъуазэхэмрэ хэкупсагъэмрэ зэтегъэувэныр егъэджакIуэм и Iэзагъым зэрелъытар.

УФ-м IэщэкIэ зэщIэузэда и къарухэм я офицерхэм я «МЕГАПИР» Лъэпкъ Ассоциацэм и Советым и унафэщI Атаев Жашарбек тепсэлъыхьащ хэкупсэ гъэсэныгъэм ехьэлIауэ къэрал IуэхущIапIэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ зэдэлэжьэн зэрыхуейм. Абы къыхигъэщхьэхукIащ хэкупсэ гъэсэныгъэм ныбжь зэмылIэужьыгъуэхэмрэ лъэныкъуэ куэдрэ къызэрызэщIиубыдэр.

ЗэIущIэм хэтахэм я еплъыкIэхэр зэтехуащ псэкупсэ-щэнгъасэ гъэсэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъ псоми я дежкIэ зыуэ зэрыщытым ехьэлIауэ. Зи гугъу тщIыр щIалэгъуалэм я къежьапIэр ящIэн, я адэжьхэм я хабзэхэм пщIэ хуащIын, абы щыгъуэми нэгъуэщI лъэпкъхэм я щэнхабзэми фIыуэ щыгъуэзэн зэрыхуейрщ.

Зэхуэсым хэта IэщIагъэлIхэм упщIэхэм жэуап иратащ, къызэхуэсахэми я гупсысэхэр къаIуэтащ, щIалэгъуалэм щхьэж зыщыщ районым щыщыIэ гугъуехьхэр утыку кърахьащ, я проектхэр зэпкърахащ. Абы къегъэлъагъуэ мыпхуэдэ зэIущIэхэр щIэх-щIэхыурэ егъэкIуэкIын зэрыхуейр.

*Тхыгъэри сурэтри* **ШЭРIУЖЬ Даянэ** *ейщ.*



## Дахэу, нэгузыужьу

**Налшык къалэм и шыгъэжапIэм щэбэт кIуам щекIуэкIащ «Iуащхьэмахуэ и Кубок-2026» 21-нэ лъэпкъхэм зэдай шыгъэжэгъуэ. Абы щызэпеуащ инджылыз шы лъэпкъыфIхэр икIи къежэкIыгъуэ 11-м хиубыдэу къызэпачащ метр 1200 - 2800-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэхэр. Зэхьэзэхуэм щагъэджэгуащ ахъшэ саугъэту псори зэхэту сом мелуани 3,5-рэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и саугъэт сом мелуаным щIэбэнахэм я деж щынэхъ псынщIащ икIи метр 2000 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр псом япэу зэпичащ шууей Албэрды Анзор, «Гефест Дрим» шымкIэ. ТекIуа щIалэр КIуэкIуэ Казбек езым игъэпэжащ. Абы псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ гуфIэгъуэ зэхуэсым хэтахэм.

«КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэща мы махуэшхуэм кърихьэлIа псоми фIэхъус гуапэ фызох. Шыгъажэр икъукIэ гукъинэж хъуащ. Си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ мы зэпеуэр республикэм щыпсэухэми абы и хьэщIэхэми я дежкIэ мыпхуэдэу дахэу, нэгузыужьу къызэзыгъэпэщахэм», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

А махуэм саугъэт нэхъыщхьэу ягъэджэгуа «Iуащхьэмахуэ и Кубок-2026» саугъэтым шуеибл щIэбэнащ икIи псом япэу къэсащ Гусейнов Гусейн, «Эридан» шымкIэ. ЩIалэми ахъшэ саугъэту сом мелуан иратащ.

«Росипподром» АО-м и унафэщI Орловэ Наталье журналистхэм щаIущIам жиIащ 2026 гъэм и шыгъэжэгъуэр Налшык къалэ зэрыщызэхуащIыжыр. «Абы и къызэгъэпэщакIуэ сэ схужыIэнущ гъэр икъукIэ къыдэхъулIауэ. ТIэунейрэ зэкIэлъхьэужьу Урысейпсо дербир телъыджэу едгъэкIуэкIащ. Шыгъэжэгъуэ махуэу 9 диIати, сом мелуан 20-м щIигъу абы щыдгъэджэгуащ, зэхьэзэхуэм щызэпеуащ ди къэралым и шуей Iэзэхэри щIэзыдзагъащIэхэри, шы нэхъ лъэщхэри къагъэжащ.

Хабзэ зэрыхъуауэ, шыгъажэхэм цIыху нэхъыбэ къыщыкIуар ар къыщызэIуах накъыгъэ мазэрщ. Апхуэдэуи, шым дихьэх куэд къокIуалIэ Урысейпсо дербим, КъБР-м и дербим, Iуащхьэмахуэм и Кубокым», - къыхигъэщащ Орловэ Наталье.

Шыгъажэ махуэр ягъэдэхащ икIи ягъэбжьыфIащ республикэм и къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ пажэхэм.

**БЭЛЭТОКЪУЭ Замир.**

## Гъуэгуанэр гугъуу щытами...

**«Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» фIэщыгъэр зезыхьэ, махуэ куэдым тещIыхьауэ лъакъуэрыгъажэмкIэ ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэм и етхуанэ, еханэ Iыхьэхэр щэбэт кIуам Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхэтащ.**



ЯПЭ махуэм спортсменхэр къыщызэдэжащ Налшык къалэм Ленинымрэ ЩоджэнцIыкIумрэ я цIэхэр зезыхьэ и уэрамхэм икIи къежэкIыгъуэу 150-м къриубыдэу абыхэм зэпачащ километри 142,5-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэр. Ди республикэм и къалащхьэм щекIуэкIа зэпеуэр Олимп джэгухэм лъакъуэрыгъажэмкIэ я чемпион Шыхъуэ Борис и щIыхькIэ зэхашащ.

ЕтIуанэ махуэм спортсменхэр Прохладнэ районым кIуащ икIи абы щекIуэкIащ урысейпсо зэхьэзэхуэм и еханэ Iыхьэр. Ар траухуащ ди лъахэгъу, а щIыналъэм къыщалъхуа, СССР-м и флотым и адмирал Головко Арсений къызэралъхурэ илъэси 120-рэ зэрырикъум.

Урысей Федерацэм и чемпионат нагъыщэр зиIэ къэралпсо зэхьэзэхуэр 34-нэу мы гъэм ирагъэкIуэкI икIи, хэгъэрейхэм нэмыщI, абы кърихьэлIащ Белоруссием, Къэзахъстаным, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я командэхэр.

Налшык щекIуэкIа зэхьэзэхуэр псалъэ гуапэхэмкIэ ирагъэжьащ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, УФ-м ЛъакъуэрыгъажэмкIэ спортымкIэ и федерацэм и вице-президент Хамидулин Ренат, Урысеймэкъумэшбанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIынавлъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Мэшыкъуэ Залым сымэ.

Удэзыхьэхыу икIи гуащIэу екIуэкIа зэпеуэхэм кърикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь наIуэ къызэрыхъуамкIэ, япэ увыпIэр къиихьащ Тюмень областым и лIыкIуэ Попов Максим.

«Гъуэгуанэр гугъуу щытами, сыщогуфIыкI си текIуэныгъэм, жыпIэнурамэ, апхуэдиз дыдэкIи сыгугъакъым. Зэхьэзэхуэр езгъэжьат си лъакъуитIым бдзапцIэ фIэщIа фIэкIа умыщIэну, хьэлъэу. Гугъу сехьынуи къысщыхъурт, ауэ гъуэгуанэм и Iыхьэ ныкъуэр зэпытча нэужь, бжьыпэм хущIэкъухэр нэхъыбэ хъуащ, абыи сыкъызэщIигъэплъа сфIощI, иужькIэ япэ сафIищын схузэфIэкIащ. СатекIуэфащи, абы икъукIэ сыщогуфIыкI», - яжриIащ журналистхэм Поповым.

Зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ УФ-м и командэ къыхэхам хэт Савельев Денис. «Мангазея - Московский спорт» командэм и спортсмен Фикин Михаил ещанэ хъуащ.

НыбжьыщIэхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр щиубыдащ Тюмень областым щыщ Васильев Олег, етIуанэр Мэзкуу къалэм и лIыкIуэ Прокофьев Даниелщ. Ещанэ увыпIэр къиихьащ Тюмень областым къикIа Утюгов Владислав.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм ехъуэхъуащ икIи тыгъэхэр иратащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам, Хэжь Заур, Мэшыкъуэ Залым сымэ.

ЕтIуанэ махуэм Прохладнэ къалэм щекIуэкIа зэIущIэр щIидзэным ипэ къихуэу гуфIэгъуэ пэкIу къалэ утыкум щызэхэтащ. ИужькIэ зэхьэзэхуэр щрагъэжьащ Остапенкэ и цIэр зезыхьэ, Свободэ уэрамхэр щызэхыхьэм деж.

КъБР-м щекIуэкIа зэпеуэр къызэрагъэпэщащ УФ-мрэ КъБР-мрэ СпортымкIэ я министерствэхэмрэ Урысейм и спорт фондымрэ я дэIэпыкъуныгъэкIэ.

**СЫЖАЖЭ Аскэр.**

**«Дзэ къулыкъущIэхэм, нэгъуэщI цIыху гупхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ ират социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэм хэгъэхъуэным и Iуэхук Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и IэтащхьэмI 2022 гъэм фокIадэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №92-УГ-м и 5-1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Дзэ къулыкъущIэхэм, нэгъуэщI цIыху гупхэмрэ абыхэм я унагъуэм щыщхэмрэ ират социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэм хэгъэхъуэным и Iуэхук Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2022 гъэм фокIадэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №92-УГ-м и 5-1-нэ пунктым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн, абы и пункт къуэдзэ «а»-м и япэ абзацым хэт «Компенсацэм теухуауэ» 2016 гъэм шыщхьэуIум и 26-м къыдэкIа унафэ №166-ПП-м» псалъэхэр «Компенсацэр зэрагъэув икIи зэрырат щIыкIэм и Iуэхук Iэ» 2024 гъэм фокIадэм и 25-м къыдэкIа унафэ №146-ПП-м» псалъэхэмкIэ зэхъуэкIауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ** **КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2026 гъэм фокIадэм и 10-м*
*№95-УГ*

# Ахъшэр и чэзум ират

**2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым льготэ (худэчых) зэхуэмыдэхэр зиIэхэм мазэ къэс иратын хуей ахъшэр къанэ щымыIэу хуаутIыпщ, щыжаIащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм.**

ДЫЗЭРЫТ илъэсым зэрыщIидзэрэ къэрал дэIэпыкъуныгъэр иратащ цIыху 34132-м икIи бюджет ахъшэу сом мелуан 267,5-рэ а Iуэхугъуэхэм хухахащ. Абы хохьэ лэжьыгъэм и ветеранхэр, политикэ дэкъузэныгъэм и лей къызытехьахэр, тылым щылэжьахэр, къуажэ IэщIагъэлIхэр, «Почетный донор России», «Почетный донор СССР» бгъэхэIу дамыгъэхэр зратахэр.

А гупым хиубыдэ цIыхухэм зыгуэркIэ льготэ ахъшэ къамыту щытмэ, абыхэм зыхуагъэзэ хъунущ КъБР-м и районхэмрэ къалэхэмрэ Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ щыIэ центрхэм.

**СЫЖАЖЭ Аскэр**.

**● Гу зылъытапхъэ**

# Зыгъэсэныгъэхэр екIуэкIынущ

**Терророим пэщIэтыным хуэгъэзауэ 2026 гъэм къызэрагъэпэщыну яубзыхуа зыгъэсэныгъэхэм я планым, НАК-м и УнафэщIым Iэ зыщIидзам, ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Оперативнэ штабым 2026 гъэм фокIадэм и 16-м Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэм щригъэкIуэкIынущ терророим ебэныным хуэгъэза зыгъэсэныгъэхэр.**

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым щIыналъэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ захуегъазэ пIалъэкIэ щыIэну мардэхэм зрагъэувэнкIэ хъуну щытыкIэр зэхащIыкIыну икIи къагурыIуэну.

***КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.***

# Зэпеуэм фыхэт!

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм Адыгэхэм я махуэм (фокIадэм и 20) ирихьэлIэу республикэпсо зэпеуэ къызэрегъэпэщ. «Си лъэпкъым и хабзэмрэ щэнхабзэмрэ» фIэщыгъэм щIэту а Iуэхум теухуа сочиненэ зытхыну жэрдэм зиIэхэр къыхуреджэ анэдэлъхубзэмрэ хабзэмрэ хъумэным, зегъэужьыным я зэфIэкI халъхьэну.**

ДИ АДЭЖЬХЭМ къытхуагъэна щIэиным дрипагэу, лъэпкъ щэнхабзэм зедгъэужьу, тхыдэр тхъумэу, бзэр тIурылъу дыпсэуныр, къыдэкIуэтей щIэблэм а лъапIэныгъэхэм пщIэ хуащIу къэгъэхъуныр, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр ди лъахэм щытепщэу щытыныр зи лъабжьэ мы Iуэхур фокIадэм и 15-м щегъэжьауэ 30 пщIондэ екIуэкIынущ.

Мазэм и кIэ хъуху тхыгъэхэр евгъэхь хъунущ ДАХ-м и электрон хэщIапIэм: dahkbr@mail.ru.

Тхыгъэр зэрытын хуей жыпхъэр: напэкIуэцIу 3-м нэс, форматыр А4, шрифтыр Times New Roman, кеглыр 14, интервалыр 1,5-рэ.

Сочиненэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи птхы хъунущ. Ауэ щхьэж езым и гупсысэхэр къыщыIуэтауэ, пэжырытхэм и хабзэхэм тету, купщIафIэу щытын хуейщ.

Зэпеуэм хэт хъунущ зэрыт ныбжьым, къызыхэкIа лъэпкъым, IэщIагъэм, къулыкъум емылъытауэ жэрдэм зиIэ псори. ХьэрычэтыщIэхэри, политикхэри, артистхэри, журналистхэри, жылагъуэ лэжьакIуэхэри, лъэпкъ интеллигенцэри ирагъэблагъэ Iуэхум хэтыну.

Зэпеуэм кърикIуахэр жэпуэгъуэм и 8-м ирихьэлIэу къапщытэнурэ, утыку кърахьэнущ.

Зэхьэзэхуэм ухэтын папщIэ, къызэгъэпэщакIуэ комитетым закъевгъэщIэн , абы щхьэкIэ мы телефонымкIэ 89289109975 запыфщэ е электрон мы хэщIапIэм dahkbr@mail.ru. фтхы хъунущ.

# Дунейм щыхъыбархэр

## Ди лъапIэныгъэхэр зэтохуэ

**Пакистаным и премьер-министр Шариф Шахбаз Урысейм 2026 гъэм и гъатхэпэ мазэм къэкIуэну траухуати, щIыналъэм щыIэ щытыкIэр нэхъ гуащIэ зэрыхъуам къыхэкIыу Iуэхур ягъэIэпхъуэн хуей хъуат.**

ПАКИСТАН Ислъам Республикэм и лIыкIуэу Москва щыIэ Тирмизи Файсал Нияз иджыблагъэ жиIащ премьер-министрыр мы илъэсыр имыкI щIыкIэ къызэрыкIуэнур. Апхуэдэ дыдэу Пакистаным и мурадщ Урысейм и Президент Путин Владимир 2027 гъэм ШОС-м и саммитым ипэ къихуэу иригъэблэгъэну. Дипломатым къызэрыхигъэщымкIэ, Москварэ Исламабадрэ йолэжь кхъухьлъатэ зэпыщIэныгъэ зэрызэтраублэным. Ар хуэунэтIащ туризмэм и мызакъуэу, нэгъуэщI IуэхухэмкIи я зэпыщIэныгъэр зэрырагъэфIэкIуэным. Апхуэдэуи лIыкIуэм къыхигъэщхьэхукIащ Урысейм щеджэну Пакистаным къигъакIуэ щIалэгъуалэм я бжыгъэм хуэдипщIкIэ хагъэхъуэну, Третьяковскэ галереемрэ Эрмитажымрэ Пакистаным и сурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэр щагъэлъэгъуэну къашэну зэрамурадыр.

«Ди цIыху мелуанхэр - Урысейм, фи къэралым щыпсэухэуи апхуэдиз дыдэ Пакистаным зыщагъэпсэхуну кIуэфынущ. Псы Iуфэхэр, бгыхэр, тхыдэ щыIыпIэхэр куэду диIэщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, ди лъапIэныгъэхэр зэтохуэ: хьэщIагъэр, унагъуэ хабзэхэр, гуапагъэр япэ идогъэщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Урысейм щыпсэухэм ирата визэхэм я бжыгъэр нэгъабэ елъытауэ мы гъэм хуэдиблкIэ нэхъыбэ хъуащ, - жиIащ Тирмизи Файсал Ниаз.

## Сом мелуан 300 щIагъу

**УФ-м щыпхагъэкI «Къуажэ дохутыр», «Къуажэ фельдшер» Iуэхухэм сом мелуан 300-м щIигъу иджыри дыщIагъунущ.**

А IУЭХУМ мылъку лей зэрыхухахым щытепсэлъыхьым, УФ-м и премьер-министр Мишустин Михаил къыхигъэщащ дэIэпыкъуныгъэм нэхъ щIэупщIэ щызиIэ щIыналъэхэм сом мелуан 300-м щIигъу зэрыратынур. Абы хиубыдэну щIыналъэхэр ягъэбелджылащ: Адыгей, Башкирие, Тэтэрстан, Хакасие республикэхэр, Краснодар, Пермь, Приморскэ щIыналъэхэр, Астрахань, Брянск, Волгоград, Кировскэ, Ленинград, Рязанскэ, Саратов, Смоленскэ, Ярославскэ, Еврей областхэмрэ Чукотскэ автономнэ округымрэ.

**ФокIадэм и 15**, *гъубж*

● **Дагъыстэным щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**

● **1932** гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр къызэIуахащ.

● **1938 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, критик, литературовед, КъБКъУ-м и доцент **Къэжэр Хьэмид**.

● **1946 гъэм** къалъхуащ егъэджакIуэ, узэщIакIуэ, зэдзэкIакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хъуажь Фахъри**.

● **1949 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакIуэ, журналист **Пхъэш МуIэед**.

● **1959 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, тхакIуэ, драматург **Лыкъуэжь Нелли**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 22-рэ, жэщым градус 17 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 16**, *бэрэжьей*

● **ЩIым и озон къатыр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

● **1931 гъэм** Москва Гуащэхэм я къэрал академическэ театр къыщызэIуахащ. Театрым зэрехьэ абы и къызэгъэпэщакIуэ, илъэс куэдкIэ и унафэщIу щыта, СССР-м и цIыхубэ артист Образцов Сергей и цIэр.

● **1943 гъэм** къалъхуащ Абазэ Хасэм и тхьэмадэ, КъШР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым и депутату щыта **Шенкао Мухьэдин**.

● **1951 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ащхъуэт Олег**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градус 14 щыхъунущ.

**Къытхэхъуащ**

*Дыгъуасэ* Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 21-рэ. Абыхэм ящыщу 9-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ.

*ФокIадэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 338-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 6206-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Жьэ лIыкIуэ нэхърэ - щхьэ лIыкIуэ.**










**КъэкIуэну махуэм къыхихыр КПРФ-рщ**

ЦIыхухэм банкхэм я щIыхуэу сом триллион 45-рэ ятелъщ. Ар мылъкушхуэщ, и процент 45-р - ипотекэ уасэщ, процент 27-р кредит щIыхуэу ятыжын хуейщ. КъыхэкIыжынкIэ узыщыгугъ мыхъуну нэгъабэрей щIыхуэхэр хуэдищкIэ бэгъуащ, ахэр сом триллиони 2,4-м нэсащ.

Сыт абы ипэжыпIэкIэ къикIыр? Урысейм щыпсэу цIыху мелуанхэм кредитыр яхуэпшыныркъым. Апхуэдэ щIыхуэ къэзыщтэхэм я процент 20-м унагъуэр зыщыгугъ мылъкум и зэхуэдитIым щIигъу иратын хуей мэхъу хэхъуэм хэпсэукIхэм. А псом къыхэкIыу, 2025 гъэм цIыху мин 568-р банкроту къалъытэн хуей хъуащ.

Сыт щхьэусыгъуэр? ЦIыхухэм зыхуейр ягъуэту къащтэркъым кредитхэр, ахъшэр зытрагъэкIуэдапхъэм зэрахуримыкъурщ ар къызыхэкIыр. Улахуэм хохъуэ жыпIэ щхьэкIэ, абы еш имыIэу къакIэлъоущ инфляцэмрэ зыхэхъуэ зэпыт налогхэмрэ. Шхын, щыгъын, хущхъуэ, еджакIуэ тхылъ къащэхун папщIэ щIыхуэ къащтэн хуей мэхъу. ХэкIыпIэ щамыгъуэтым деж, пIалъэ кIэщIкIэ ахъшэ зыт IуэхущIапIэхэм (МФО) йокIуалIэ. Апхуэдэхэм иратыжын хуей щIыхуэр сом мелард 796-м щIегъу. Абыхэм я зэхуэдитIыр щратыжын хуейуэ щыта пIалъэр икIащ. Езыхэми кърат ахъшэм хэхъуэу тралъхьэр процент 300-м нос. Хабзэри къызэпамыуд хуэдэурэ махуэ шэджагъуэм яхъунщIэ.

КПРФ-м къэралыр щIыхуэхэм епха лъэпощхьэпом къызэрыхэкIыну Iэмал къегъэлъагъуэ:

ИкIэщIыпIэкIэ МФО-хэм я хэхъуэр егъэгъэмэщIэн, е ахэр зэхуэщIыжыпэн;

Зэманым декIуу лажьэ экономикэм и секторхэм процентi 3-4-кIэ кредит етын, IуэхущIапIэхэм зауэжьыну Iэмал яIэн хуэдэу;

ТекIуэныгъэм и программэу дэ дубзыхуар гъэлэжьэн: цIыхубэ IуэхущIапIэхэм къэралым зыщегъэубгъун, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ, хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ защIэгъэкъуэн, экономикэр цIыхухэм я хэхъуэр бэгъуэн хуэдэу гъэлэжьэн.

Социализмэм зыхуэгъэзэнырщ, лэжьыгъэ щхьэпэмрэ захуагъэмрэ тегъэщIапIэу къэщтэнырщ ди ТекIуэныгъэм лъабжьэ хуэхъуу, мамырыгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэ къытхуэзышэнур.

**Пщэдейм фIыкIэ щыгугъын**

Пщэдейрей махуэм фIыкIэ щыгугъыным къыщыщIидзэр цIыхухэр псалъэ гъэщIэрэщIакIэ къызэрыбгъэгугъэм дежкъым. Абы къыщеублэ улахуэфIым, тыншу къыпIэрыхьэ псэупIэм, пщIэншэу щрагъаджэ школхэмрэ сабий IыгъыпIэхэмрэ я деж.

Дэтхэнэ цIыхуми унагъуэми лэжьыгъэм и хъерыр зыхищIэу улажьэ зэрыхъунум и щапхъэ къагъэлъагъуэ цIыхубэ IуэхущIапIэхэм, къэкIуэну махуэм щымыщтэу, сабий япIыным, мурад ящIыным тригъэгушхуэу, нобэ нэхърэ нэхъыфIу пщэдей зэрыпсэунур ящIэу.

Урысейм хъугъуэфIыгъуэхэр и куэдщ. Ауэ къэралым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэр пщэдейрей махуэм щымышынэ цIыхухэрщ!

Куэдщ ерагъыу дызэрыпсэуар! Дыпсэуну, пщэдейрей махуэр духуэну и чэзур къэсащ!

**ЩIалэгъуалэрщ ди къэкIуэнур**

Унафэ зыIэщIэлъхэм щIалэгъуалэ политикэм теухуауэ куэд жаIэ. Ауэ езы щIалэгъуалэр къэкIуэну махуэм егъэгузавэ. Абы шэсыпIэ иIэкъым щIэныгъэ зригъэгъуэтынуи, IэнатIэ къыIэрыхьэнуи, псэупIэ зэригъэпэщу, иухуэну унагъуэр зыхуей хуигъэзэнуи.

Дауэ иджырей щIалэгъуалэр я лъэкIэ быдэу зэрыувынур? ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ щрат IуэхущIапIэхэм я еджапщIэхэм я уасэр процент 11-кIэ хэхъуащ. Стипендие нэхъ цIыкIу дыдэр зэрыхъур сом 2208-рэщ. IэщIагъэлI хъуагъащIэм IэнатIэ къигъуэту, псэупIэ зэригъэпэщын хуейщ, ар нэхъыбэм я дежкIэ зэи зытемыIэбэну гуращэу къонэж.

Мис аращ зи щIалэгъуэм и гукъеуэхэр. ФIыуэ дедэIуэн хуейщ абы жиIэм!

КПРФ-м и ТекIуэныгъэ программэм хэкIыпIэ къегъэлъагъуэ:

Стипендиер цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэм нэхърэ нэхъ цIыкIуу щремыт. Студентыр еджэн, и IэщIагъэм зыщигъэгъуэзэн хуейщ, жэщхэм ишхын къимылэжьыжу.

ЕджапIэм къыщIэкIам IэнатIэ зэригъуэтынумкIэ шэсыпIэ иреIэ. Дыгъуасэ студенту щытам Iуэхум хищIыкIыныр пэбубыд хъунукъым, лэжьыгъэм зригъэсэну Iэмал имыIауэ.

УнагъуэщIэм псэупIэ игъуэтыпхъэщ. Дэ къэралым и псэупIэ программэхэм зегъэубгъун, цIыхубэм папщIэ унэ куэд дыдэ яухуэн, сабий зэрыс унагъуэхэм ядэIэпыкъун хуейуэ къыдолъытэ.

Шэч хэмылъуи - улахуэфIрэ узыхэпсэукIын лэжьыгъэрэ! ЩIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ къалэжьа ахъшэм я щхьэ пщIэ хуащIыжу ирипсэуну, зауэжьыну, фэтэр хьэхуу къащтэну е къащэхуну, унагъуэ яухуэу сабий япIыну Iэмал яIэн хуейщ, улахуэ къыщратыну пIалъэр къахуэмыгъэсу, кIэпIейкIэ къэс зэрагъэзахуэу щымыту е ипотекэм и гъэрыпIэм зрамыубыдэжу.

Урысейм хъугъуэфIыгъуэхэр и куэдщ, къыщIэхъуэ щIэблэщIэр пщэдейрей махуэм фIыкIэ щигъэгугъыфын хуэдэу.

КПРФ-м и закъуэщ щIалэгъуалэр псалъэ хэIэтыкIахэмкIэ къимыгъапцIэу, и лъэпощхьэпо нэхъыщхьэхэм къызэрыхэкIыну Iэмал узыншэхэр къыхуэзыгъэлъагъуэр.

**КПРФ-м и ТекIуэныгъэ Программэр шэсыпIэ йоувэ щытыкIэ гугъур, тхьэмыщкIагъэр, дызылъахъэ хабзэ ткIийхэр тщхьэщихыну**

КъызэрыдэдыгъуэмкIи, дызэрагъэпудымкIи, тхьэмыщкIэу дызэрыпсэумкIи зыдгъэнщIащ! Ди къэкIуэнур - социализмэрщ!

*Япэ лъэбакъуэ:* Уасэхэм, щIыхуэхэм, тарифхэм зэрыхэхъуэр къэдгъэувыIэнщ.

ЩIакхъуэмрэ шэмрэ я уасэм махуэ къэс зэрыхэхъуэр флъагъуну фужэгъуакъэ? Фригъэшакъэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и уасэхэр зэрыдэуейм?

Дэ цIыхухэр япэу зыщIэупщIэхэм, хущхъуэхэм, сабийхэм папщIэ хьэпшыпхэм я уасэр къэралым игъэуву тщIынущ. Куэдщ сатуущIэхэм напэншэу уасэхэр зэрыдрагъэуеяр!

ЖКХ-м и уасэхэр унагъуэм и хэхъуэм и процентi 10 нэхърэ нэхъ лъагэ ящIу ддэнукъым. Адрей псори къэралым и пщэ дилъхьэжынущ. Бын куэд зэрыс унагъуэхэм я ипотекэ щIыхуэр пIалъэкIэ щхьэщахыу дгъэувынущ.

*ЕтIуанэ лъэбакъуэ:* ЛэжьапIэщIэхэр къызэIутхынущ, улахуэхэм хэдгъэхъуэнущ. Нэхъ мащIэ дыдэу сом мин 45-рэ!

ХьэрычэтыщIэ мащIэмрэ ику итымрэ кредит иредгъэтынущ, хэхъуэу процентi 4 нэхърэ нэхъыбэ темылъу!

Мэкъумэшым хуэдиплIкIэ нэхъыбэу мылъку хуэдутIыпщынущ.

Мэкъумэшым телажьэхэм дизелрэ бензинрэ пуду ягъуэту тщIынущ.

*Ещанэ лъэбакъуэ:* МылIэIус мыхъуу, пенсэхэр захуагъэм тету дгъэувынущ

Дэ захуагъэм къедгъэгъэзэжынущ: пенсэм щыкIуэ ныбжьыр цIыхухъухэм папщIэ - 60, бзылъхугъэхэм папщIэ - 55-рэ тщIыжынущ. Пенсэм щыкIуэ ныбжьыр щIэуэ хэдгъэхъуэнукъым! Пенсэр къэралым щызекIуэ улахуэм и процент 50-м нэхърэ мынэхъ мащIэу щрет. Нобэрей уасэкIэ къыупщытэмэ, ар сом мин 50-м нэсынущ.

Илъэс куэдкIэ мэкъумэшым щылэжьам и ахъшэм процент 30-кIэ хагъахъуэу къэдублэжынущ. Пенсэм и чэзум хагъахъуэу тщIыжынурэ, къэралым къытена щIыхуэхэр цIыхум лъыдгъэсыжынущ. Илъэс 70 ирикъуахэм унэ зехьэпщIэ иредгъэтынукъым.

*ЕплIанэ лъэбакъуэ:* Хущхъуэ уасэ фримыкъуу ара? Дэ хэти къигъэщхьэпэфыну медицинэ пщIэншэм къытредгъэгъэзэжынущ! Къэралым медицинэм хухигъэкI мылъкум щыкIэ хэдгъэхъуэнущ. Страхованэ хэмыту, медицинэм къэралым къыбгъэдэкIыу къылъысыпхъэр лъыдгъэсынущ. Упсэун папщIэ узыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэмрэ операцэ лъапIэхэмрэ я уасэр къэралым иритынущ. ДяпэкIэ зыри щIэлъэIунукъым зэрагъэхъужыну ахъшэм. Медицинэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм хэдгъэхъуэнущ. Ахэр бюрократ лэжьыгъэ мыщхьэпэм къедгъэлынущ!

# Пщэдейр нобэ яубзыху ЛДПР

Нобэ ди фIэщ ящIыну хэтщ псэукIэфI диIэу. Дэнэ щIыпIи зыужьыныгъэ щекIуэкIрэ гугъуехь лъэпкъ щымыIэу. «Оптимизацэм» и гугъу къытхуащI, ауэ ди нэгу щIэкIыр еджапIэхэмрэ сымаджэщхэмрэ зэрызэхуащIыжырщ. КъытIэрыхьэм «хагъэхъуэну» дыкъагъэгугъэ, ипэжыпIэкIэ уасэхэмрэ тарифхэмрэщ зыхэхъуэр...

«Ирикъунщ», - жеIэ ЛДПР-м! Игъуэ хъуащ цIыхубэм девгъэкIуэкI джэгукIэ тIуащIэр зэхуэфщIыжыну. ЛДПР-р хэхыныгъэхэм хэтынущ, дэтхэнэ цIыхуми и гъащIэм зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтыным и телъхьэу! Ди программэр зытещIыхьар цIыхумрэ унагъуэмрэщ. Япэ дыдэу дэ къыдогъэув мигрантхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ират къэрал дэIэпыкъуныгъэр къызэтевгъэувыIэну, а ахъшэр ди бынхэм, студентхэм, адэ е анэ закъуэхэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм ефтыну. Ди еплъыкIэр къызэрыгуэкIщ икIи захуэщ: япэщIыкIэ - ууейхэм, иужькIэ - адрейхэм защIэгъэкъуэныр. Ди къэралым и хьэрычэтыщIэхэм защIэдгъэкъуэн, индустриализацэ зэтедублэн хуейуэ къыдогъэув. Налогхэр щIыналъэхэм, ахэр къыщалэжьам, къинэн хуейщ. Ар хэгъэгухэм зауэжьынымкIэ Iэмал хъарзынэщ.

Ди щIэныгъэр гужьеигъуэ зыщIа ЕГЭ-мрэ ОГЭ-мрэ зэрыщыту гъэкIуэдыжыным тыдогъэчыныхь. Къэралым щIэныгъэ зыужьыныгъэ къыхузэзыгъэпэщыфын Ломоносовхэмрэ Кулибинхэмрэ диIэжщ. Ди сабийхэр тэмэму еджэну Iэмал етын хуейуэ аращ. ИкIи, дауи, ди еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэтхэмрэ къэзыухахэр лэжьапIэ гъэувынымкIэ япэ игъэщыпхъэщ, IэщIагъэлI «къэрагъэблагъэхэм» нэхърэ. Пенсионерхэм папщIэ къэрал программэщIэ къыхыдолъхьэ, ахэр щыпсэу щIыналъэм емылъытауэ зэхуэдэ Iэмалхэр къызеригъэпэщын хуэдэу. Пенсэ ахъшэр тэмэму псэуным хурикъун хуейщ, армыхъумэ, имыгъэмэжэлIэн къудейуэ щытын хуейкъым. Зи ныбжь хэкIуэтахэр хэдэн хуейкъым - хущхъуэ хьэмэрэ ерыскъы жаIэу. ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр къэралым и нэIэм щIэтыпхъэщ! УнафэщI компание напэншэхэм дыгъуэныр щагъэтынымкIэ Iэмал нэхъ ткIий дыдэхэр къахузэгъэпэщыпхъэщ. ЦIыхухэм уасэ зыщIатын хуейр арэзы къэзыщI Iуэхутхьэбзэхэрщ. Дэ къыхыдолъхьэ цIыхубэ ипотекэр процентi 3 нэхърэ нэхъыбэ темыхуэу ятыну, гъуэгухэр, псыр, электрокъарур зэкIуалIэ щIы кIапэхэр пщIэншэу яттыну. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, унагъуэхэм ди щIыналъэм унэхэр щаухуэфын хуейщ, армыхъумэ, игъащIэ псокIэ, илъэс пщIы бжыгъэкIэ псэупIэм бэджэнд уасэ щIатын е финанс пщылIыпIэм ихуэн хуейкъым.

Дауи, нобэ мамырыгъэр къызэдгъэпэщыну дыхуейщ, ди жыпхъэхэр къэлъытауэ. Украинэм нацист режимыр щыгъэкIуэдын, ди цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын хуейщ. Дэ СВО-м икIэщIыпIэкIэ ТекIуэныгъэ къыщытхьыным тыдогъащIэ. НобэкIэ дытегушхуэу унафэ ткIий къэдмыщтэмэ, пщэдей кIасэ хъунущ. Къэралыр тфIэкIуэдынущ. Псоми ди зэхуэдэ къэкIуэнур тфIэкIуэдынщ. Нобэ ЛДПР-м и пщэ делъхьэж Урысейм и къэкIуэнур. Дэ мурад диIэщ, лэжьэн гуп диIэщ, къару диIэщ.

# «Урысей зэкъуэтым» и цIыхубэ программэ: къэгъэгугъэныр къэгъэнауэ, плъапIэхэм теIэбэн

Партым и ЦIыхубэ программэм лъабжьэ хуэхъуар хуабжьу ягъэIу къыхуеджэныгъэхэракъым, атIэ ипэжыпIэкIэ зылъэIэсын хуей бжыгъэхэрщ, цIыхухэм папщIэ гъэзэщIапхъэ унафэхэмрэ къалэнхэмрэщ.

Унагъуэмрэ демографиемрэ партым гулъытэ нэхъыщхьэ зритынухэм язщ. Абы хеубыдэ унагъуэхэм мылъкукIэ защIэгъэкъуэныр, адэ-анэхэм ахъшэ зэрыратыжынур - НДФЛ налогым хагъэкIам щыщу сом мин 70.

Унагъуэ мелуани 3-м къэкIуэну илъэси 5-м и кIуэцIкIэ я псэупIэхэр нэхъыфIкIэ яхъуэжыну Iэмал иратынущ.

Илъэс къэс сабий мелуани 5-м я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэну Iэмал яIэнущ. Социальнэ инфраструктурэм зрагъэужьынущ: школхэр, сабий IыгъыпIэхэр, творчествэмкIэ унэхэр яухуэнущ.

Социальнэ гъащIэм и лъэныкъуэкIэ я пщэ далъхьэжа къалэнхэр ягъэзэщIэнущ. Санкцэхэм къызэрытракъузэм щхьэкIэ къэмынэу, а лэжьыгъэр зэпыуркъым. Нэхъ пасэу къызэрагъэгугъахэр ягъэзащIэ, цIыхухэм зэрызыщIагъакъуэ лъэныкъуэ псори зытетам тетыжщ, программэщIэхэмрэ IэмалыщIэхэмрэ къахэхъуэу.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ядэIэпыкъунущ. «Урысей зэкъуэтым» Къэрал Думэм и пащхьэм ирилъхьащ абы щыIэ куэдым я цIэхэр. Хабзи 160-рэ къащтакIэщ, ветеранхэм я хьэкъыр яхъумэу. КъинэмыщIауэ, дзэ Iуэху хэхам хэтахэм IэщIагъэщIэ зрагъэгъуэтыну, лэжьапIэ увыну, хьэрычэт Iуэху къыдахыну Iэмал езыт проектхэр къыхалъхьащ.

Гъуазэ нэхъыщхьэр цIыхухэрщ, абыхэм я гъащIэ тыншырщ, унагъуэхэм защIэгъэкъуэнырщ, къэралым и къэкIуэну махуэр зэрыфIым шэч хэмылъынырщ. «Урысей зэкъуэтым» и ЦIыхубэ программэм къыщигъэлъэгъуа социальнэ дэIэпыкъуныгъэ псори гъэзэщIа хъунущ.

Нобэ къэралыр ихуащ куэд къыщыпаубыд щытыкIэ. Ар ихъумэну, абы и цIыхухэмрэ ахэр зыхуеймрэ къащхьэщыжу, гъуазэ яхуэхъуфынур сыт щыгъуи цIыхубэм я гъусэу щытыкIэ гугъухэм къыпхыкIа, мурад ищIахэр IуэхукIэ зэрыщIигъэбыдэфымкIэ я фIэщ зызыщIа партырщ.

# Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хэхыныгъэм епхахэм хабзэм къемызэгъыу къыщыбгъэщхьэпэ зэрымыхъунум теухуауэ зыщыгъуэзапхъэ

**I. Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр**

1. Хэхыныгъэм епха Iуэхугъуэхэр - ар къэралым унафэ щызезыхьэну органхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ хагъэхьэнухэр къыщыхах дауэдапщэхэр щагъэхьэзыр, щрагъэкIуэкI, и кIэухыр къыщызэщIаубыдэж, хабзэкIэ убзыхуа лэжьыгъэщ.

2. Хэхыгъуэ пIалъэр хэхыныгъэхэр гъэхьэзырынымрэ егъэкIуэкIынымрэ епха лэжьыгъэщ, ар зи пщэ дэлъ къулыкъущIэм, къэрал органым е щIыпIэ самоуправленэм и органым и унафэр официальнэу къыщыдигъэкIа махуэм щегъэжьауэ, хэхыныгъэхэр къызэзыгъэпэщ хэхакIуэ комиссэм абы текIуэда мылъкур зэригъэкIуэда щIыкIэр хэIущIыIу щищI махуэм пщIондэ екIуэкIыу.

3. Хэхыныгъэ къыхуеджэныгъэр (агитацэ) хэхыгъуэ пIалъэм къриубыдэу ирагъэкIуэкI лэжьыгъэщ, къагъэлъэгъуа цIыху щхьэхуэр, гупыр, цIыху гупыр хахыным е хамыхыным хэхакIуэхэр къыхуриджэу.

4. Къыхуезыджэ (агитацэ) материалхэм хеубыдэ зэрыбкIэ къэщыпа, уедэIуэным е нэгъуэщI IэмалкIэ къыбгурыIуэным хуэщIа материалхэр, зыгуэр хэпхыным укъыхуезыджэ мыхьэнэ иIэу, хэхыгъуэ пIалъэм зэбграгъэкIыным хуагъэхьэзырауэ.

5. Мы зыщыгъуэзапхъэм къыхэхуэ нэгъуэщI фIэщыгъэхэм я мыхьэнэр зекIуэ хабзэм зэриубзыхуам тету къэгъэсэбэпыпхъэщ.

**II. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ ятеухуауэ хэхыныгъэм къыщемызэгъынухэр**

6. Урысей къэралым цIыхуми гражданинми зэхуэдэ хуитыныгъэрэ хьэкъырэ ирет, и фэм, и лъэпкъым, и бзэм, къызыхэкIам, диным зэрыхущытым, къинэмыщIхэм емылъытауэ.

Урысей Федерацэм и гражданиныр хуитщ хихынуи зыхригъэхынуи, и фэм, лъэпкъым, бзэм, къызыхэкIам, диным зэрыхущытым, къинэмыщIхэм емылъытауэ.

7. Урысей Федерацэм и гражданиным зыхригъэхыну хуиткъым, 2022 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдэкIа, №114-ФЗ «Экстремизмэм пэщIэтынымкIэ» хабзэмрэ 2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыдэкIа «Терроризмэм пэщIэтынымкIэ» №35-ФЗ хабзэмрэ япкъ иткIэ, судым и унафэкIэ ягъэкIуэдыжыпхъэу, е и лэжьыгъэр къызэпаудыпхъэу ягъэува жылагъуэ, дин, е нэгъуэщI зэгухьэныгъэм епхамэ.

8. Урысейм ущыхуиткъым фэкIэ, лъэпкъкIэ, динкIэ, социальнэ щытыкIэкIэ цIыхухэм я зэхуаку къаугъэ къыщызыгъэхъей зэгухьэныгъэхэр къыщызэбгъэпэщыну, хэхыныгъэм епхахэри хиубыдэу.

9. Зыхрагъэхыну зыкъэзыгъэлъагъуэ кандидатхэм е хэхыныгъэм епха зэгухьэныгъэхэм я программэхэми (Интернетым щызэбграгъэкIахэри яхэту), езыхэм е абыхэм я лIыкIуэхэм я къэпсэлъэныгъэхэми, СМИ-хэм къытехуа материалхэми экстремизмэм епха Iуэхугъуэ хэт хъунукъым.

9.1. Экстремизмэм хохьэ:

Фэр, лъэпкъыр, диныр, социальнэ щытыкIэр къэбгъэсэбэпу, цIыхухэр зэпэщIэбгъэувэныр;

ЦIыхум и фэм, и лъэпкъым, и диным, и бзэм, социальнэ щытыкIэм, е диным зэрыхущытым къыхэкIыу, ар адрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу е нэхъыкIэу зэрыщытым къыхуебджэныр;

ЦIыхум и фэм, и лъэпкъым, диным, бзэм, е диным зэрыхущытыр тегъэщIапIэ пщIыуэ, абы и хуитыныгъэм, хьэкъым, хабзэкIэ къылъысым уебгъэрыкIуэныр;

10. Хэхыгъуэ пIалъэм къриубыдэу къыхуебджэ хъунукъым:

Социальнэ зэхуэмыдэныгъэм, фэм, лъэпкъым, диным епха зэпэщIэтыныгъэм;

ЦIыхур къызыхэкIа лъэпкъыр зыгъэпуд Iуэхугъуэхэм;

КъызыхэкIа лъэпкъым, зэрихьэ диным, бзэм, социальнэ щытыкIэм елъытауэ зыр псоми ефIэкIыу, е адрейхэм нэхърэ нэхъыкIэу зыгъэув Iуэхугъуэхэм;

11. Дин зэгухьэныгъэхэмрэ абыхэм къызэIуаха IуэхущIапIэхэмрэ хуиткъым:

Хэхыныгъэм епха къыхуеджэныгъэ ирагъэкIуэкIыну;

Агитацэм епха материал къыдагъэкIыну;

Зыхрагъэхыну зыкъэзыгъэлъэгъуа кандидатхэм е абыхэм къызэрагъэпэща зэгухьэныгъэхэм я фондхэм псапащIэ ахъшэ хухагъэкIыну;

12. Дин зэгухьэныгъэхэм я дауэдапщэхэр щрагъэкIуэкIкIэ, хуиткъым:

Хэхыныгъэм епха агитацэ ирагъэкIуэкIыну;

Агитацэм епха сыт хуэдэ материали къыдагъэкIыну;

**III. Хэхыныгъэм епха Iуэхугъуэхэм лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хабзэм къемызэгъыу къыщымыгъэсэбэпынымкIэ жэуаплыныгъэ зыхьхэр**

13. Лъэпкъ, дин IуэхукIэ зэбиинныгъэ къэзыгъэхъейм административнэ, уголовнэ тезыр къытохуэ.

13.1. Урысей Федерацэм и КодексымкIэ, административнэ щIэпхъаджагъэ зылэжьам административнэ тезыр тралъхьапхъэщ (граждан щхьэхуэхэм сом мини 10-м щегъэжьауэ мин 20-м нэс, юридическэ нэрыбгэхэм сом мин 250-м щегъэжьауэ мин 500-м нэс), сыхьэти 100-м къриубыдэ тезыр лэжьыгъэ, е жэщмахуэ 15-кIэ ягъэтIысыныр.

13.2. Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым зи цIэ къраIуа Iуэхугъуэхэм щIэпхъаджагъэ хэлъу къилъытэмэ, жэуаплыныгъэ зэхуэмыдэхэр тезыру трилъхьэнущ, сом мин 300-м щегъэжьауэ мин 600-м нэс мылъку тезыру, илъэси 5-м нэс тезыр лэжьыгъэ, илъэси 6-кIэ ягъэтIысыныр.

14. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хабзэм къемызэгъыу къэзыгъэсэбэп кандидатыр судым и унафэкIэ хэхыныгъэм хагъэкIыжынкIэ е хэхыныгъэ спискэм хатхъыкIыжынкIэ хъунущ.

15. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хабзэм къемызэгъыу къагъэсэбэпауэ къалъытэмэ, судым хэхыныгъэм къигъэлъэгъуар къабыл имыщIыну хуитщ.

**IV. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хабзэм къемызэгъыу къызэрагъэсэбэпа щапхъэхэр**

16. Лъэпкъ Iуэхумрэ динымрэ хэхыныгъэм хабзэм къемызэгъыу къыщагъэсэбэпауэ къыщалъытэнкIи хъунущ:

Хахыну къагъэлъэгъуа кандидатым ар къызыхэкIа лъэпкъым е диным елъытауэ Iэ хуаIэтыну къыхураджэмэ;

ХэхакIуэхэр къызыхэкIам е зэрахьэ диным елъытауэ, хэхыныгъэм хэмытыну къыхуеджэныр;

Хэхыныгъэм хэтхэр къызыхэкIа лъэпкъым е абыхэм зэрахьэ диным теухуауэ хъыбар нэпцI зэбгрытыкIыныр;

ХэхакIуэхэр хагъэзыхьын мурадкIэ лъэпкъ, дин зэпэщIэтыныгъэ къэгъэхъеиныр е апхуэдэ щыIэу къафIэгъэщIыныр;

Хахыну зыкъэзыгъэлъагъуэхэр гъэпудын е япэ игъэщын мурадкIэ лъэпкъ, дин зэпэщIэтыныгъэ къэзыгъэхъу материалхэр зэбгрыгъэкIыныр;

Урысей Федерацэм щекIуэкI хэхыныгъэм епха Iуэхугъуэхэр дин, лъэпкъ зэпэщIэтыныгъэкIэ къызэпыудын мурадкIэ къызэрагъэпэща нэгъуэщI Iуэхугъуэ псори.

**Лъэпкъ IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм (ФАДН) зэхилъхьа памяткэм ипкъ иткIэ.**

*«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къыдэкIа Федеральнэ закон №20-ФЗ-м ипкъ иткIэ пщIэншэу тыдодзэ.*

